



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 14.5 MILYON DOLA NAN BATAVIA

Liberty Square bay 55 nouvo lojman abòdab; 28 ki konekte ak sèvis sipò sou plas pou veteran andikape yo

Investisman an ap konplèman inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke konstriksyon sa a te kòmanse sou yon nouvo konplèks lojman abòdab 55 apatman nan Vil Batavia, Konte Genesee. Devlopman 14.5 milyon dola a gen ladan 28 apatman apa pou veteran ki gen yon istwa sanzabri epi ki bezwen sèvis sipò pou yo ka viv poukont yo.

"Nouyòkè yo ak fanmi yo merite lojman ki san danje, abòdab, epi veteran yo ki te lite ak pwoblèm sanzabri kwonik yo pa yon eksepsyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo pwojè eksitan sa a nan Vil Batavia a pral ede veteran nou yo ki te tèlman bay pou peyi nou an. Ba yo ak lòt rezidan ki nan zòn lan nouvo lojman pral bay konfò ak sekirite finansye pandan moman difisil."

"Tout Nouyòkè yo, espesyalman veteran brav nou yo ki te sèvi pou pwoteje nou, dwe gen yon twa sou tèt yo ak yon bon kay", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Devlopman lojman sa a nan Batavia pral bay lojman abòdab pou moun nan zòn lan, ki gen ladan veteran ki te gen difikilte avèk pwoblèm sanzabri epi ki bezwen sèvis sipò. Kounye a plis ke jamè, pandan n ap kontinye lite kont pandemi COVID-19 la, nou vle asire Nouyòkè yo gen resous ak sèvis yo bezwen pou viv lavi an sante ak san danje. Pwojè sa a nan Finger Lakes fè pati efò nou yo nan eta a pou rekonstwi pi byen ak yon fason pi enklizif epi amelyore kalite lavi."

Liberty Square se yon pati nan angajman Gouvènè Cuomo pran pou li ofri tout moun New York yo aksè a lojman sekirite, abòdab nan kad Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senkan Eta a genyen an. Plan an ap rann lojman miltifamilyal la aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi ak prezève plis pase 100,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipò.

Devlopman an pral konstwi sou yon sit ki te vid apre demolisyon twa bilding abandone nan East Main Street Nouvo Liberty Square kat etaj la pral gen 55 apatman abòdab k ap sèvi fanmi ki touche 60 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn lan. Sis nan

apatman yo pral byen adapte pou moun ki gen pwoblèm pou deplase ak twa inite apa pral ekipe pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa wè.

Ventuit apatman pral dedye tankou lojman sipò pou ansyen veteran sanzabri yo k ap resevwa sèvis ak sibvansyon lwaye atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè Cuomo a. Eagle Star Housing pral bay sèvis sipò epi pral gen yon biwo ak espas pou konsèy sou sit la. Pwomotè pwojè a se Home Leasing.

Gen uit apatman ki gen yon pyès, 39 apatman ki gen yon chanmakouche ak uit ki gen de chanmakouche. Ekipman pataje yo gen ladan yon sal kominotè, yon sant pou kondisyonman fizik, lakou ak balkon prive, depo pa anndan sekirize pou bisiklèt, jaden ki gen wotè, yon teren jwèt ki klotire, yon biwo jesyon sou plas, paking sou plas, ak depo an gwo ki nan apatman yo.

Egzijans nan zafè efikasite enèji ak konsepsyon Bilding Ekolojik pral entegre nan konplèks la, ki gen ladan aparèy Energy Star ak liminè nan tout apatman yo. Sa pral pèmèt gen sètifikasyon nan kad Pwogram Nouvo Konstriksyon Bilding ki Pa Wo NYSERDA a ak pwogram Kominote Vèt Enterprise Vèsyon 2015 lan.

Finansman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York pou Liberty Square lan gen ladan Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) federal yo ki pral jenere 10.5 milyon dola nan ekite ak 4 milyon dola nan Pwogram Opòtinite pou Lojman Sipèvize a (Supportive Housing Opportunity Program). Anplis de sa, NYSERDA pral bay yon sibvansyon 53,000 dola nan kad Nouvo Pwogram Konstriksyon ki Pa Wo li a. Redstone Equity Partners se yon investisè nan aksyon Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak Five Star Bank ap bay finansman pou konstriksyon pwojè a.

Depi 2011, HCR te dedye 604 milyon dola nan Rejyon Finger Lakes pou finanse 95 devlopman miltifamilyal, ki lakòz kreyasyon oswa prezèvasyon apeprè 7,500 lojman abòdab, ki gen ladan 216 ki nan Konte Genesee. Investisman HCR nan rejyon an te pèmèt mobilize anplis 890 milyon dola anplis nan finansman ki sòti nan lòt sous.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Pandemi COVID-19 la te lakòz domaj ak deranjman ki te inimaginab anvan sa, men sa pa te anpeche ekip HCR la pou kontinye misyon Gouvènè Cuomo pou kreye, prezève ak pwoteje lojman abòdab nan eta a. Sa gratifyan anpil pou wè travay esansyèl la kontinye avèk Liberty Square - espesyalman lè devlopman an dedye 28 lojman pou ewo nou yo, jan sa a fè li, ak yon lòt 27 pou fanmi yo. Mwen remèsye ak felisite ekip HCR la ak patnè nou yo epi pa ka tann pou akeyi nouvo lokatè yo nan bèl nouvo bilding sa a nan Batavia".

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare, "Nou gen yon obligasyon pou asire tout Nouyòkè gen yon plas ki san danje, estab pou yo rele lakay - espesyalman sila yo ki te sèvi nan fòs lame peyi nou an. Liberty Square pral bay yon nouvo depa pou plis pase de douzèn veteran nan Konte Genesee, pandan y ap soufle nouvo lavi nan yon enstalasyon East Main Street ki te

otrefwa abandone. Pwojè tankou sa kontinye travay ke plan lojman istorik senkan Gouvènè Cuomo te kòmanse epi re-afime angajman inebnanlab New York pou mete fen nan pwoblèm sanzabri veteran nou yo yon fwa pou tout".

Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Ofri avantaj ekonomi vèt nou an bay tout Nouyòkè yo, espesyalman rezidan ki pi vilnerab nou yo, se yon karakteristik tranzisyon enèji pwòp Gouvènè Cuomo a ak pwogram klimatik nasyonal la. Transfòme pwopriyete oswa sit ki neglije yo pou vin efikas pou enèji ak lojman abòdab ki gen sèvis pou ewo peyi nou an ki te sèvi nan lame Ameriken se yon bagay NYSEDA fyè sipòte epi nou pa ka tann pou wè Liberty Square fini".

Senatè Michael Ranzenhofer te deklare, "Envesti nan rejyon nou an enpòtan anpil. Mwen kontan wè konstriksyon pwojè sa a kòmanse. Se yon bèl bagay pou wè kreyasyon lojman veteran yo, sipòte sila yo ki te sèvi konte nou an obligatwa".

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Veteran nou yo te bay tout yo menm pou defann peyi yo, sa kòrèk pou nou menm kòm yon kominote kontinye fè pati pa nou pou yo ak ba yo tout nou menm. Avèk konstriksyon Liberty Square, mwen fyè wè Batavia kontinye jwenn fason pou pran swen pèp li a, epi mwen pa ka tann pou wè rezilta konstriksyon an. Men plis toujou, mwen kontan anpil ke veteran nou yo pral kontinye jwenn sipò yo tèlman merite".

Manadjè Konte, Matt Landers, te deklare, "Mwen kontan anpil pou wè yon pwojè konsa ki benefisye veteran andikape yo rive reyalize. Peyi sa dwe anpil pou sakrifis veteran nou yo te fè epi pwojè tankou sa esansyèl pou satisfè bezwen ewo ki andikape sa yo".

Prezidan Konsèy Vil, Eugene Jankowski, Jr., te deklare, "Vil Batavia akeyi Home Leasing piske yo bay lojman pou kominote nou an ke veteran, moun aje ak mendèv la bezwen anpil. Home Leasing gen yon istwa pozitif sou konstwi, antreteni ak jere pwopriyete nan rejyon nò New York epi pwojè sa a pral yon gwo ajou pou vil nou an"

Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, Bret Garwood, te deklare, "Home Leasing fyè anpil pou kòmanse konstriksyon Liberty Square nan Batavia ak rekonesan anvè kominote ak patnè nou yo. Liberty Square pral bay yon lojman ekselan pou fanmi ak veteran yo epi kontribiye nan vitalite Batavia".

Zach Fuller, Direktè Egzekitif Eagle Star, te deklare, "Nou eksite anpil pou anbake nan bèl pwojè sa a avèk Home Leasing nan Batavia! Nou kontinye ap fè efò pou amelyore lavi tout veteran yo ke nou sèvi. Pwojè sa a pral ofri 28 apatman abòdab ki nesèsè anpil pou kominote veteran nou an. Eagle Star fè efò pou bay swen bon jan kalite ak opsyon pou veteran nou yo epi pa ka tann pou kontinye relasyon nou avèk patnè yo nan kominote a pou sipòte Vil Batavia. Nou remèsye tout moun ki te ede pèmèt vizyon nou tounen yon reyalite".

Akselere Finger Lakes Forward

Anons jodi a antre nan kad "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja investi plis pase 8.07 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras a yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Konsènan Home Leasing

Home Leasing ki baze nan Rochester espesyalize nan devlopman, konstriksyon, ak administrasyon kominote apatman gwo kalite. Fonde nan 2006 pa pwomotè imobilye pou veteran ak ansyen ko-Direktè Egzekitif Jeneral ak ko-Prezidan Home Properties Nelson Leenhouts, se twa jenerasyon fanmi Leenhouts ki posede ak jere konpayi an. Home Leasing anboche jodi a plis pase 170 moun ki bay sipò oswa ki enplike dirèkteman nan operasyon kotidyen kominote rezidansyèl abòdab, pou revni mikis ak nan to mache a atravè New York, Pennsylvania ak Maryland. Avèk konpayi konstriksyon li an, Home Leasing Construction, Home Leasing konstwi lojman kalite ke ekip manadjè pwopriyete sètifye li a ak pèsònèl antretyen li an byen sipèvize. Home Leasing ak Home Leasing Construction gen sètifikasyon Certified Benefit Corporation.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)